



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, OTORITE PÒTYÈ AK MTA DEWALE PLAN 160 MILYON DOLA POU SÈVIS OTOBIS Q70 PI RAPID, PI SOUVAN, PI FYAB POU AYEWOPÒ LAGUARDIA**

***Konsèy Komisè Otorite Pòtyè a pare pou apwouve finansman semèn sa a pou fè avanse pwojè Komisyon Ekspè Endepandan sou Transpò yo rekòmande***

***Pwojè a ofri nouvo liy otobis sèlman pou kontoune blokis nan sikilasyon sou otowout yo; Frekans adisyonèl yo ap diminye eksè popilasyon; ak siyal sikilasyon ki pral priyorize otobis Q70 la pou redui tan vwayaj***

Gouvènè Kathy Hochul, Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey, PANYNJ), ak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) te dewale jodi a yon pwopozisyon 160 milyon dola pou kreye sèvis pi rapid, pi souvan ak pi fyab sou liy otobis Q70 LaGuardia Link ki konekte ayewopò a ak tren nan Jackson Heights ak Long Island Rail Road (LIRR) ak tren nan Woodside.

"Transfòmasyon ayewopò LaGuardia pou tounen yon destinasyon klas mondyal ki gen rekonesans pou ekselans li se yon pati entegral nan vizyon odasye nou pou yon nouvo epòk nan Nouyòk epi ki kòmanse avèk amelyorasyon ki pi nesèsè yo nan transpò ak depi nan ayewopò a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo finansman sa a pral avanse plizyè pwojè transpò, bay nouvo liy otobis, diminye anbouteyaj ak ankonbreman moun, epi enstale nouvo limyè sikilasyon pou bay otobis yo priyorite nan ayewopò a. Mwen fyè pou m selebre reyalizasyon sa yo e mwen pa ka tann pou m wè yon opsyon transpò klas mondyal."

Konsèy Komisè Otorite Pòtyè a pral vote sou pwopozisyon finansman an nan reyinyon li an nan 27 mas. Anons jodi a vini apre plizyè mwa kolaborasyon ant PANYNJ ak MTA, Depatman Transpò Vil Nouyòk (New York City Department of Transportation) ak Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation) pou avanse ak amelyorasyon Q70 yo, ki pral gen ladan:

- Siyal sikilasyon ki pral bay otobis Q70 priyorite sou Roosevelt Ave ak Broadway pou minimize tan vwayaj

- Yon liy otobis esklizif sou akotman Brooklyn-Queens Expressway nan direksyon nò ant Northern Blvd ak Astoria Blvd, pou ogmante fyabilite sèvis ant Jackson Heights ak Ayewopò LaGuardia.
- Ogmantasyon frekans yo pandan peryòd gwo frekantasyon (10 a.m. rive 4 p.m.) apati 1 jen pou akomode plis vwayaj.
- Yon nouvo zòn ki deziyen espesyalman pou otobis anbake ak debake toupren Tèminal C ak aksè dirèk ak wout esklizif pou evite blokis sou wout ayewopò yo.
- Amelyorasyon nan siyalizasyon ak ekleraj nan estasyon Jackson Heights-Roosevelt Av / 74 St (7, E, F, M, R) ak 61 St-Woodside (7, LIRR) pou amelyore eksperyans kliyan an.
- Amelyore mak ak siyalizasyon pou ankouraje sèvis la amelyore

Sou demann Gouvènè Kathy Hochul, yon analiz apwofondi sou opsyon transpò pou ayewopò LaGuardia te kòmanse nan fen ane 2021 epi se yon ekip milti-disiplinè ak konpayi jeni, konstriksyon ak transpò ki byen rekonèt ki te fè l. Gwoup ekspè ekstèn, endepandan ki gen twa manm epi ki gen lidè transpò klas mondyal yo te kreye sou demann Gouvènè a pou sipèvize etid la epi fè rekòmandasyon ki baze sou analiz la, epi gwoup la te rekòmande gwo amelyorasyon nan sèvis otobis pou Ayewopò LaGuardia.

Gwoup la te gen ladan Mike Brown, ansyen komisè Transport for London ak ansyen direktè jeneral ayewopò Heathrow; Janette Sadik-Khan, direktè Bloomberg Associates ak ansyen komisè Depatman Transpò Vil Nouyòk; ak Phillip A. Washington, Direktè Egzekitif Jeneral Ayewopò Entènasyonal Denver ak ansyen Direktè Egzekitif Jeneral Los Angeles Metro. MTA te travay nan tèt kole ak konpayi jeni/konstriksyon yo ak gwoup ekspè yo pandan tout etid la epi li te asiste tout reyinyon gwoup la.

**Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, Rick Cotton, te deklare,** "Pwopozisyon sa a pral finanse devlopman lyen transpò piblik pi rapid, ki pi fyab gwoup ekspè a te prevwa ak pasaje k ap vwayaje nan Ayewopò LaGuardia klas mondyal nou an merite. Enstalasyon liy otobis sèlman sou pòsyon otowout nan wout la pral kreye yon lyen otobis ki pral yon vwayaj rapid nan ayewopò a kote otobis la kapab evite blokis.

**Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare,** "Atravè rejyon an, Otorite Pòtyè a ap fè investisman istorik nan nouvo enstalasyon ayewopò ki pral pami pi bon nan mond lan. Men, pi bon ayewopò yo merite koneksyon transpò piblik modèn ak efikas egalman, se poutèt sa Otorite Pòtyè a ap investi nan koneksyon otobis ki amelyore anpil ak Ayewopò LaGuardia."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Pa gen okenn rezon ki fè yon eksperyans vwayaj premye klas Nouyòk ta dwe limite nan nouvo Ayewopò LaGuardia. Amelyorasyon otobis ki te teste sou wout yo, ki te baze sou bon sans sa yo pral fè vwayaj pou ale ak soti nan Queens bokou pi fasil ak pi vit pou plizyè dizèn milye pasaje."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)